



- Konseyl sou Entènèt pou Paran



M-DCPS Office of Community Engagement | EngageMiamiDade.net | @CommunityEngagement

KOUNYE A SE YON BON MOMAN POU PALE AVÈK PWOFESE JÈN OU AN

Anpil lekòl mwayen ak lekòl segondè pa rezève jou pou konferans paran-pwofesè, jan yo fè li nan lekòl elemanntè. Men yo toujou ankouraje paran pou pwograme konferans avèk pwofesè yo.

Les Potter, yon ansyen pwofesè e direktè lekòl di, "Li toujou bon pou rankontre avèk pwofesè bonè nan ane lekòl la pou etabli yon bon lyen kominikasyon... Ou ka poze kesyon espesifik ki pral ede w travay avèk pitit ou a atravè ane lekòl la." Epitou, enfòmasyon ou pataje sou ti jèn ou an ka ede pwofesè yo pi byen satisfè bezwen li yo. Potter ajoute, Paran ki pral vizite yon pwofesè pou premye fwa ta dwe gen yon plan. Ou ta dwe:

- **Pwograme yon tan espesifik** e rele pou konfime reyinyon an.
- **Prepare kesyon** ou vle mande yo.
- **Ekri kesyon yo**, pou w ka sonje poze yo.
- **Ale nan reyinyon** an avèk yon espri ouvè.

Ekri yon nòt apre konferans la pou konfime sa ou menm ak pwofesè a te diskite.

Pami sijè ou ta vle diskite yo genyen:

- **Konpòtman ak atitid** jèn ou an anvè lekòl, kamarad ak adilt.
- **Konbyen fwa pitit ou a patisipe** nan klas.
- **Abitid travay jèn ou an** ak pwogrè akademik li.
- **Enterè oubyen talan espesyal** jèn ou an demontre.
- **Aktivite andeyò salklas** kote jèn ou an patisipe, oubyen ka patisipe.
- **Kisa ou te ka fè pou ede elèv ou a reyisi.**

Se yon bon ide tou pou planifye pou egzamine kèk nan travay elèv ou a avèk pwofesè a.



Mesaj sa a soti nan



Lekòl Leta Miami-Dade County
<http://www.engagemiamidade.net/>